# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–29 मई 2026** **भोजपुरी समाचार**

सर्वोच्च न्यायालय आजु देस के सज्जो उच्च न्यायालयन के फैसिला सुरक्षित रखले के तीनि महिन्ना के भित्तर ओके सुनवले क निरदेस दिहले हौ। न्यायालय कहलस कि फैसिलन में देरी से याचिकाकरतन के अपूरणीय क्षति हो सके ला। एगो रिपोर्ट–

**मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांत और न्यायमूर्ति जॉय माल्या बागची की पीठ ने व्यक्तिगत स्वतंत्रता से जुड़े मामलों में त्वरित निर्णय की आवश्यकता पर बल दिया। पीठ ने कहा कि जमानत आवेदनों पर आदेश उसी दिन या अगले दिन सुनाया और अपलोड किया जाना चाहिए। शीर्ष न्यायालय ने कहा कि जमानत या सजा निलंबन का आदेश सुनाए जाने के तुरंत बाद जेल अधिकारियों को सूचित करना अनिवार्य है। विचाराधीन कैदी को उसी दिन या अधिकतम अगले दिन रिहा किया जाना चाहिए। समाचार कक्ष से मैं सरफिरोजी।**

**********

ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान काल्हि वीडियो कॉन्फ्रेंस के जरिया से प्रधानमंत्री आवास योजना–ग्रामीण के अंतर्गत उत्तर प्रदेश के सथहीं बारह राज्यन के दस हजार करोड़ रूपिया से बेसी क रासि जारी कइलें। येह मौका पर श्री चौहान कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी प्रतिबद्ध हवें कि देस में कउनों गरीब मनई कच्चा मकानि में न रहे।

**प्रधानमंत्री जी का संकल्प है, हर गरीब को पक्का मकान मिले, पक्का आवास मिले और उसके लिए 2016 से ही प्रधानमंत्री आवास योजना ग्रामीण के माध्यम से हर आवासहीन को पक्का मकान उपलब्ध कराने का अभियान चल रहा है। ग्रामीण क्षेत्र में हमने 3 करोड़ 91 लाख घरों को मंजूरी दी और उनमें से 3 करोड़ 5 लाख से ज्यादा पूरे हो गए हैं।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मऊ में तीनि सौ बानवे करोड़ रूपिया से बेसी के लागति क एक सौ चउदह परियोजनन के लोकारपण आ सिलान्यास कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में पछिला बारह सालि में लोगि बदलत भारत के देखले हवें। श्री योगी कहलें कि प्रदेस सरकारो बिना रूकले आ बिना थकले लगतारे विकास क कार कइ रहलि हौ।

**कोई सोचता था कि गोरखपुर से वाराणसी का मार्ग फोरलेन का होगा, कोई सोचता था कि मऊ से लखनऊ की दूरी अब मात्र तीन घंटे की हो जाएगी, ढाई से तीन घंटे की, अब सोचो ना, अब जाइए पूर्वांचल एक्सप्रेसवे से धड़धड़ा करके पौने तीन घंटे, तीन घंटे में लखनऊ। यहाँ आपके लिए प्रदेश की राजधानी इतनी नजदीक हो गई, गोरखपुर नजदीक हो गया, काशी नजदीक हो गया, प्रयागराज की दूरी घट गई। इतनी अच्छी कनेक्टिविटी और बाढ़ से बचाव के लिए सरकार कार्य कर रही है।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि लखनऊ में पुलिस प्रसिक्षण व्यवस्था के ले के एगो उच्चस्तरीय समीक्षा बइठकी कइलें। येह दौरान मुख्यमंत्री कहलें कि पुलिसिंग खाली कानून व्यवस्था ले सीमित नाही हौ। उहां के कहलीं कि आधुनिक तकनीक, संवेदनसील व्यौहार, संवाद कौसल, साइबर अपराधन क समझ आ फॉरेंसिक दक्षता प्रभावी पुलिसिंग क बुनियादी जरूरति बनि गइल बा। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रसिक्षण व्यवस्था में गुणवत्ता, एकरूपता आ पारदर्सिता सुनिस्चित कइल जाए।

**********

हमीरपुर जिला में काल्हि देर राति आइल तूफान के दौरान बनि रहल पुल गिरले से छौ गो मजुरहन क मउति हो गइल। मोराकंदर से कंदौर गांव ले फइलल ई पुल बेतवा नदी पर बनावल जात रहल। ई घटना देर राति दुइ बजे ओह समय भइल जब बरखा के बिच्चे कुछु मजुरहा हाईड्रोलिक मसीनि के निच्चे खड़ा रहलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह हादसा पर गहरा सोक जतवले हवें। उहां के मृतक लोगिन के परिजनन के पांच–पांच लाख रूपिया आ घाही लोगिन के पचास–पचास हजार रूपिया कै आरथिक सहायता उपलब्ध करवले क निरदेस दिहले हईं।

**********

आजु पूर्व प्रधानमंत्री, 'भारत रत्न' चौधरी चरण सिंह क पुण्यतिथि मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में उनके मुरती पर फूल चढ़ा के सरधांजलि दिहलें। पत्रकार लोगिन से बतियावत उहां के, चौधरी चरण सिंह के व्यक्तित्व आ कृतित्व के बारे में चरचा कइलीं।

**देश की स्वाधीनता आंदोलन के साथ वह जुड़े थे। देश के अंदर कृषि के क्षेत्र में, राजस्व के क्षेत्र में तमाम प्रकार के रिफॉर्म करने का श्रेय चौधरी साहब को जाता है। वे देश के किसानों के मसीहा थे और उनका स्पष्ट कहना था कि देश के विकास का रास्ता गांव और गांव के खेत और खलिहानों से होकर के जाता है।**

**********

मौसम विभाग प्रदेस में बिहनहूं कहीं–कहीं बिजुली गिरले आ तेज झोंकेदार बेयारि चलले क ऑरेंज अलर्ट जारी कइले हौ। सथहीं कई जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे बरखा भइले आ बौछार परले क सम्भावना जतावल गइल बा। येह बिच्चे, प्रदेस के पूरबी जिलन में बीतलि राति से आन्हीं–पानी के साथे भइल बरखा के बादे आजु दिन में मौसम साफ रहल। कई जगहिनि पर दिन में हल्लुकाहे घाम निकरल, बाकिर लोगि भीसण उमस आ गरमी से राहत महसूस कइलें।

**********